

IVA NECHOKWADI NAMWARI



Uye Rinoverengeka sezvizvi.

Zvino Eria muTishibhi, uyo waiva... mugari weGireadhi, wakati kuna Ahabhu, naJEHOVHA mupenyu Mwari waIsraeri, iye wandimire pamberi pake, hapangavi nedova kana mvura makore ano matatu, asi kana ndareva ini.

Zvino shoko raJEHOVHA rakasvika kwaari, richiti,

Chibva pano, uyende kurutivi rwamabvazuva, undovanda parukova Keriti—Keriti, (ndinoreva kuti) ruri pamberi paJoridhani.

Uye zvichaitika kuti, unofanira kunwa mvura yorukova; uye ndakaraira makunguwo kukupa zvokudya...

Naizvozvo akaenda akaita sezvaakaudzwa naJEHOVHA: nokuti akaenda akandogara parukova Keriti, ruri pamberi paJoridhani.

Makunguwo akamuvigira chingwa nenyama mangwanani, nechingwa nenyama madekwana; akanwa mvura yerukova.

Zvino nguva yakati yapfuura, rukova rwakapwa, nokuti mvura yakanga isinganayi panyika.

Zvino shoko raJEHOVHA rakasvika kwaari, richiti,

Simuka, uende Zarefati, panyika yeZidhoni, ugarepo: tarira, ndaraira chirikadzi igerepo kuti ikupe zvekudya.

Naizvozvo akasimuka akaenda Zarefati. Wakati asvika pasuvo reguta, tarira, chirikadzi yakanga igerepo ichiunganidza matsotso: akamudana, akati, Nditorerewo, ndapota, mvura shomanene mumukombe, kuti ndinwe.

Zvino wakati achienda kuzoitora, akamudana, akati, Dondivigirawo, ndapota, chimedu chechingwa muruoko rwako.

Iye akati, naJEHOVHA Mwari wenyu mupenyu, handina chingwa, asi tsama imwe yeupfu mudende, namafuta mashomanene muchinu: uye, tarirai, ndiri kuunganidza matsotso maviri, ndichiti ndoenda ndizvigadzirire ini nomwanakomana wangu, tidye, tife hedu.

Ipapo Eria akati kwaari, Usatya hako; enda undoita sezvawataura: asi chimbotanga wandiitira ini chingwa chiduku, undivigire icho, pashure ugozviitira iwe ne... mwanakomana wako.

Nokuti zvanzi naJEHOVHA Mwari waIsraeri, Upfu huri mudende haungaperi, namafuta ari muchinu haangashaikwi, kusvikira pazuva JEHOVHA raachanaisa naro mvura panyika.

Iye akaenda akandoita sezvakataurwa naErisha: iye mukadzi, naiye, neimba yake, vakadya mazuva mazinji.

Upfu hwakanga huri mudende hauna kupera, namafuta akanga ari muchinu haana kushaikwa, sezvakanga zwarehwa naJEHOVHA, nomuromo waEriya.

Pamutauro wamangwanani ano, ndisati ndaenda mhiri kwamakungwa, ndasarudza musoro wenyaya, unoti: *Iva Nechokwadi NaMwari.*

² Uye zvino, Ishe, ropafadzai Shoko reNyu paRiri kushumirwa, uye dai Mweya Mutsvene wabata pfungwa dzedu nemifungo yedu, utigadzirire kushanya kwaKe, sezvataMukumbira kuti auye. Nokuti hatiuye kuimba yaShe kuzoonekwa, kana kuzoona, asi kuzodzidza pamusoro peNyu, uye nekuziva hunhu hweNyu, nenzira yeNyu, nezvinangwa zveNyu, kuitira kuti tikwanise kusangana nezvinetswa zveMuupenyu, tiine kugutsikana chaiko, tiine chokwadi naMwari. Zvitenderei, Ishe. MuZita raJesu tinozvikumira. Amen.

³ Anofanira kunge aiva mangwanani akaisvoipa. Kwaipisisa uye kuine huruva, uye vanhu vakanga vari munzira, vaine nzara, uye pasi pachipisa zvokutogadzirira kutsva. Zvose izvi zvaiva chiratidzo chezvivi zvavo nekuora kwetsika dzavo.

⁴ Munoono, Ahabhu waitonga mu—muIsraeri, panguva iyoyo, kana kuti pamusoro peIsraeri, uye ndiye aiva akaipisisa pamadzimambo ese emuIsraeri. Pakanga pasina kumbova namambo akaipa saAhabhu, nokuti iye, mukudzidziswa uye achiziva zviri nani, akatadza kuregedza kusafadza Mwari muna zvose zvaaiita. Kunyangwe aiva nehondo huru, uye vanhu vakanga vabudirira zvikuru pasi pehutongi hwake, asi, zvakadaro, haungatadze kusafadza Mwari wotarisira kuenderera mberi kwenguva refu.

⁵ Uye zvadaro, mumuchato wake, panzvimbo pekuroora pakati pevanhu vake, akaenderera mberi ndokuroora mutadzi, munamati wezvfananidzo, anonamata zvfananidzo. Akarooro Jezebheri. Uye aisava mutendi.

⁶ Uye hapana mutendi anofanira kumbofa akarooro uyo asingatendi, zvisinei nechikonzero chazvo. Anofanira kuroora vatendi nguva dzose.

⁷ Asi Ahabhu akanga aita chinhu chakaipa ichi. Uye pasina kukahadzika asi kuti Jezebheri waiva mudzimai akanaka pachiso. Uye iye akanga awa nekuda kwemaonekero emudzimai

uyu, panzvimbo pezvaaiva. Ndipo vanhu vazhinji, pavanoita mhosho imwe chete, kusvika nhasi.

⁸ Uye akanga aunza chinamato chezvifananidzo munyika, pakati pevanhu. Uye vanhu, vaprisita, vashumiri vavo, vakanga vawira mune zvakanga zvichidikanwa neruzhinji izvi.

⁹ Uye ndiwo mufananidzo chaiwo wenyika yedu nhasi. Tawira pasi pezvinodiwa neruzhinji. Pasina kukahadzika kuti vaprisita vakafunga kuti zvakange zvakanaka, chero hurumende yavo ichingozvibvumira. Asi ini handinei nezvabvumirwa nehurumende, zvinofanira kunge zviru zvabvumirwa naMwari. Uye vanhu vakafunga kuti zvingange zvakanaka vakatarisira mune zvimwe zvezvinhu zvavo zvenyika.

¹⁰ Zvino mumwe angandikumbira kuti ndidzokorodze zvandichangobva kutaura, kuti mufananidzo wakafanira nhasi uno. Tinogona kusafunga kuti tiri vanamati vezvifananidzo, asi ndizvo zvatiri. Uye hurumende inozvitsigira. Vanhu muzuva rino vanamati vezvifananidzo, nekuti va—vanonamata zvfananidzo. Vamwe vavo vanonamata vatambi vakuru vezvemabhasikopu, sezvifananidzo. Vamwe vanonamata mari, sezvifananidzo. Uye vamwe vanonamata nyanzvi dzepaterevhizheni, sezvifananidzo. Asi chese chaunoisa mberi kwaMwari chimupunzo, chero chingave chii zvacho.

¹¹ Kunyangwe kuna Satani, muvengi wedu mukuru, akachenjera, zvekuti iye anotoisa, dzimwe nguva, chechi mberi kwaMwari. Unogona kuva nechechi huru. Inogona kuva chivakwa chikuru, kana kuti ringava sangano guru. Uye, zvakare, ingava iri ungoro huru, asi ngapashaye chinouya mberi kwaMwari, mumoyo wako. Chipi zvacho chinhu, mberi kwaMwari, chimupunzo.

¹² Zvino vanhu ava vaiziva kuti vakanga vasisiri vemweya sezvavaimbova, pasi pehutongi hwamamwe madzimambo. Uye vaifunga kuti, nekungoti vaiva rudzi rwezvinamato, zvinhu zvese zvaizovanakira. Zvino ndiwo mauiyiro ataita panzvimbo iyoyo zvakare.

¹³ Mwedzi yakati kuti yapfuura ndaitaura neshamwari yangu yakaisvonaka. Uye iye akati, “Hama Branham, ndinotenda munoroverera United States iyi zvakanyanya.” Akati, “Munogara makawomba kuchivi uye kuti Mwari acharanga nyika ino sei.”

¹⁴ Ndakati, “Anotofanira kuzviita, kuti aenzanise.”

Iye akati, “Asi, Hama Branham, munokanganwa kuti rudzi rwuno rwakavakirwa paMagwaro. Uye madzitateguru edu akauya kuno, uye Mwari akatipa nhaka iyi. Uye tiri nyika inonamata.”

¹⁵ Ndikati, “Ichokwadi, chese chazvo. Uye hapana munhu anoziva kuyemura kwandinoita nyika ino! Asi, tarisa, hama

yangu, Israeriwo zvakare yakasarudzwa naMwari, uye Akaitumira vaporofita nevarume vakuru. Asi Mwari haadi chivi. Akaita kuti Israeri ikohwe mbeu yose yayakadyara. Uye kana Akaita kuti Israeri ikohwe zvyakadyara, Achaita kuti tikohwe zvatakadyara. Haana munhu waanoremekedza.”

¹⁶ Uye tasvika panzvimbo yekuti tinofunga kuti nekuti takazembera pane zvakaitwa nemadzitateguru edu, kana pavakuru vakavamba machechi edu, zvaireva kuzvipira kwavo kuna Mwari, zvinova zvakanaka uye zvinoyemurwa zvikuru, asi hatigoni kuwana ruponeso rwedu kubva mune zvakaita! Ruponeso inyaya yedungamunhu pakati pemunhu wese naMwari. Kwete parudzi, nechechi yedu, asi isu pachedu pamberi paMwari, tinopindurira.

¹⁷ Zvasvika pachinhano munyika yedu, chekuti pakati pevanhu vemweya chaizvo vatinavo, unoenda kuvarume nemadzimai emweya, woona kuti mumoyo yavo pane chimwe chinhu chiri kushaika.

¹⁸ Tanga tiri, mumavhiki mashoma apfuura, ndanga ndichipenengura zvimwe zvezvinhu izvi, ndichiona kuti mune varume vandaifunga kuti ndivo mongo wekunamata, asi ndinoona kuti vanokohomedzesa pane zvinhu zvisingagare, vachitenderera vachiti, “Mwari vanondipa *chakati-nechakati* chikurusa. Mwari akandipa . . .” Uri kunyepedzera.

¹⁹ Zvinhu zvikuru zvepanyama hazvigare nguva dzose zviri mukuda kwaMwari. Mwari anoita kuti mvura inaye pavakarurama nevasakarurama. Asi zvinodiwa nenyika hakusi kunyepedzera kutenda, kuedza kunyepera kuzvipinza mune chimwe chinhu wochiti chemweya.

²⁰ Dzimwe nguva kutenda kunoita minana mikuru, asi zvakadaro zvisingabve mumoyo wemweya. Ishe wedu haana here kutaura? “Vazhinji vachauya kwaNdiri, pazuva iroro, vachiti, ‘Handina here kuita *ichi neicho*, muZita reNyu?’ Uye Ndichavati, ‘Ibvai kwaNdiri, imi vaiti vekusarurama.’” Kusarurama chii? Chinhu chaunoziva kuti chakarurama kuita asi hauchiite. “Handina kumbokuzivai,” Achadaro. Uye tiri kurarama muzuva iroro.

²¹ Zvatinoda nhasi hazvisi zvinhu zvakawanda zvepfuma yepanyama. Izvozvo tinazvo. Hatidi machechi akakurisa. Hatidi ungoro dzakakurisa. Hatidi zvimwezve paredhiyo nepaterevhizheni. Hatidi zvakawanda zvezvinhu izvi. Asi zvatinoda nhasi, kuva vemweya, kuva munhu anozvininipisa pamberi paMwari, kana vasina kobiri, uye vonamata kusvikira mweya uri mavari wagutsikana nehunaku hwaMwari, uye rumutsiriro rwoitika mumoyo yavo, runoshandura maonero avo nehupo hwavanogara mahuri.

²² Unogona kusava neshangu mutsoka dzako, unogona kunge wakapfeka mamvemve, asi chimwe chinhu mumoyo mako

chichiimba nziyo dzaMwari. Ndinosa hangu kunge ndinacho pane mari yose iri munyika.

²³ Saka haugoni kuti kuva nepfuma yezvepanyama chinogara chiri chiratidzo cheropafadzo raMwari. Dhavidha akareva izvozvo kuna Mwari, kuti akange aona wakaipa achitandavara ake...semuti wemubay. Asi Mwari vakamubvunza, “Wakambomutarira kumagumo here?” Hazvinei kuti ihembe dzakanaka sei dzatinopfeka, huwandu hwezvatinofanira kudya, handizvo zvinopinda muhupo HwaMwari. Mutumbi uno watinogara mauri, unofa, zvisinei kuti unochengetedzwa sei. Asi munhu wemukati ari mumunhu; chinhanu chemweya chinopinda muHupo hwaMwari mupenyu.

²⁴ Asi tinotora zvinhu njee. Tinofunga kuti nekungoti tiri rudzi...Saizvozvo Ahabhu neIsraeri yese, muzuva iroro, akatora zvinhu njee, kuti zvese zvaiva zvakarungana. Vaprisita nevaparidzi vavo vakanga vaedza kuvaudza kuti, “Zvese zvakarungana. Zvese zvakangonaka.” Asi vaiva nemumwe chete, akadaidzira achipesana nechakaipa, nekuti uyu aiziva kuti Mwari mutsvene haikwanisa kugutsikana nemaitire echimanje-manje echinamoto chisina hutsvene.

²⁵ Saka ndizvo zvichagara zviru Mwari weDenga nhasi. Mukuedza kwedu kwose nezvikuru zvese zvatiri kuedza kuita, Mwari haambofi akafadzwa kunze kwehupenyu hwese hwakacheneswa pamberi paKe.

²⁶ Tinogona kuvaka zvikoro, nezvirangaridzo, nematabhenakeri. Tinogona kuva nemasangano. Tinogona kuita zvinhu zvikuru, asi zvakadaro Mwari havambogutsikane kusvikira moyo wemunhu wacheneswa paartari yaMwari, wapirwa kubasa raMwari. Uye hauchawana zvakadaro mazuva ano.

²⁷ Munoonu kuti misangano yedu minamoto yaneta-neta, ingangoita miniti imwe yemunamoto, kwava kusvetukira mumubhedha. Tinoona kuti zvinoitika kanenge kamwe kana kaviri pazuva. Ipapo, tose tine mhosva. Nyika yedu, pahunhu hwetsika, iri kuora. Tine vanaBilly Graham navanaOral Roberts kwese-kwese. Asi kusvikira paita nyota mumoyo weAmerica, kuidzosa kuna Mwari mupenyu zvakare, kuchitiko chipenyu, kukutenda kusingafe munaMwari mupenyu. Tiri kungrovera uropi hwedu, kunze, sokutaurwa kwazvingaitwa.

²⁸ Tinogona kufamba nezvipfuva zvedu zviru kunze, nemakora edu akapeterwa shure, tofamba tichidzika nenzira, tichishuva kunzi “Dhokotera” kana “Mufundisi.” Tinogona kufudza chechi hurusa dziri munyika, uye tinogona kupfava nepese patinogona napo, zvekuti hapana munhu anogona kunongedza chigunwe paupenyu hwedu. Asi kusvikira munhu iyeye ari mukati medu achibvira moto nekupfutira Mwari, kusvikira mava nechimwe chinhu imomo, chekuMudokwairira! “Senondo inodokwairira

hova dzemvura, moyo wangu une nyota yeNyu, O Mwari.”
Kusvikira tasvika pachiiitiko chemhando iyoyi!

²⁹ Nokudaro, chicommunism, nezvakadaro, zvichabudirira sezvazviri kuita, uye kubatana kwese kwatiri kuita hakusi kuzombozvimisa. Zvakafanotaurwa kuti zvichauya. Asi Mwari ari kudana kuKereke yaKe.

³⁰ Kuti mudzimai mudiki uyu aifanira sei kuva wemhando yaEria! Nekuti, kazhinji maiitiro ako anoratidza zvauri. Uye, zvakare, akanga asarudzwa kuzotandadza muporofita waMwari. Rangarirai, aiva muHedheni, kwete muJudha.

³¹ Zvino nyika yaingunotsva. Uye pasina kukahadzika kuti mudzimai mudiki uyu, ari wemhando iyoyi, ari wemhando mutendi...Nokuti tinoona kuti Mwari angadai asina kumbomudana, dai akanga asina kukodzera kutandadza muporofita waMwari. Nokuti Aisazombotumira muporofita waKe kuimba isina kukodzera.

³² Kwaisava kusarudza kwake. Kwaiva kusarudza kwaMwari. Aisava mudzimai aimukoka. NdiMwari vaimukoka. Akange aisva parukova. Makunguwo achimupa kudya. Asi yaiva rairo yaMwari kuti chimwe chinhu chitore nzvimbo. Uye Mwari zvokwadi vakaenda kumutendi aiva nehunhu humwe chete sehwaEriya.

³³ Aiva mudzimai shirikadzi. Uye tose tinoziva izvo iyo, shirikadzi, yainge yapfuura nemazviri, iine murume akafa nemukomana mudiki wekurera.

³⁴ Uye munyika dzeko, vairarama nezvirimwa zvavo. Vakanga vasina mabasa emaoko sezvatinazvo nhasi, ne—mafekitari ezvombo. Vaitorarama nezvirimwa zvavo. Zvino nekuda kwekusarurama kwavanhu, nekuora kwetsika dzavo, zvakanga zvaunza nzara panyika, hepano vose vaiva nenzara vachifa.

³⁵ Uye zvararo tinoona kuti pasina kukahadzika akanga anamata usiku hwakateedzana, usiku hwese, achitanga kuona dengu reupfu richiderera, nekuderera, nekuderera. Uye rinofanira kunge rakasvika pekuti pakanga pasisina kunyange mukombe mumwe chete zvawo weupfu mudengu. Hwese hwaiva nahwo hwaingova hushoma hunokwana muchanza. Rufu rwaingunopinda nepasuwo chaipo, pamukova wavo. Nokuti pakanga pasisina nzira yokuwana humwe zvakare. Nyika yese yaiva nenzara.

³⁶ Uye, mafuta, aingova chipunu chimwe chete chakanga chasara muchinu. Mafuta iwayo netuupfu itwoto ndizvo zvaiva pakati pake nerufu. Anofanira kunge akanyatsoperera paminamoto yake. Regerai izvozvo zvinyatsopinda mumusha wenyu, zvichatora kuperera kwakatipfuurirei zvisoma izvo zvatiri mangwanani ano, patinenge taziva kuti rufu rwuri pamukova.

³⁷ Uye ndinotenda, pamwe, tingafunga, zvichida, izvi, kuti akanga akanamata usiku hwese, nokuti zuva rimwe chete zvakare rakazvinatsa. Aigona kutarisa miromo yakaumbuka yekamukomana kake kemakore angaita matatu kana mana. Uye ogoona mabhonzoz ake iye mudzimai achiperezeka, apo nyama yaibva paari. Uye chinofanirwa kunge chaiva chinhu chakaipisisa, apo amai ava, vachiona zvinhu izvi zvi zvichienderera. Asi, zvakadaro, aine maoko ake pamberi paMwari, achinamata siku nesikati, “Zvino tasarirwa nechanza chimwe chete cheupfu nechipunu chemafuta.”

³⁸ Munoziva, zvinoshamisa. Dai Mwari vaita kuti izvi zvisinine mune mumwe nemumwe wenyu, kana mukasandinzwa ndichiparidza zvakare. Iyi ngaive mharidzo. Zvinoshamisa, zvinoshamisa zvikurusa, kuti dzimwe nguva Mwari anoita zvinhu nenzira iyoyo.

³⁹ Munoziva, patinenge tareurura zvivi zvedu toita zvese zvinodiwa naMwari. . . Tatenda muna Mwari. Pane mamiriro ezvinu anofanira kusanganwa nawo, uye zviri maererano nekuda kwaKe. Uye takareurura zvivi zvedu, uye zvakaipa zvose izvo takaita, tikazvigadzirisa, tikaita zvose zvatinoziva kuita. Chese icho chinodikanwa naMwari, kana kukumbirwa, isu takaita, asi zvakadaro iYe anoramba akanyarara. HaAtipindure.

⁴⁰ Ndinotenda kuti ndiri kutaura kune vanhu, mangwanani ano, vakasvika panzvimbo iyoyo. Ndakapasvika, nguva zhinji, pachangu. Pandakadzokera ndikaronda hupenyu hwangu ndikapenengura dombo rega-rega, uye ndikaona pandakaita zvisizvo, ndaienda ndonotendeuka ndoti, “Ishe Mwari, ndichazvigadzirisa,” ndoenda ndonodaro. Zvadaro ndodzoka zvakare ndoti, “Zvino, Ishe, Muri Mwari; Muchandipindura. Zvokwadi ndakasangana nechikumbiro chese chaMaida kuti ndiite. Zvino chinodikanwa chese, ndaita.” Uye zvakadaro haAtsukunyuki, oita sokugara anyerere, ndipo paunofanirwa kuva nechokwadi kuti ndiMwari. Usaora moyo. Chinhu chega chingoripo, ndechekuti, mumoyo mako, iva nechokwadi naMwari.

⁴¹ Musoro wangu wenyaya. Iva nechokwadi, kutanga, usati waita chero chinhu. Iva nechokwadi, mumoyo mako, kuti ndiMwari. Uye kana waita zvose zvaAkataura, zvino une chokwadi kuti ndiMwari, ndipo apo kutenda kunotanga kushanda, ipapo. Kutenda kunomira kwakadzikama, nokuti kunoziva kuti iYe aripo.

⁴² Zvino wakaita zvese zvinodikanwa. Unotenda kuti ndiYe, uye kutenda kunobata zvakasimba. Oh, Zita raKe ngariropafadzwe! Kutenda hakuzunguzike, nokuti kune chokwadi kuti Mwari Ariko, uye anopa mubairo kune avo vanoMutsvaga nemoyo wese.

43 Dai izvi zvaenda makadzika-dzika zvigorega kubva kwamuri, Branham Tabernacle. Kana wakaita zvinodikanwa naMwari, uye mumoyo mako unotenda kuti ndiYe, Mwari ari kungoedza kutenda kwako, nekuti anoda kuzviita. Wareurura zvivi zvako uye waita zvese zvinodikanwa naMwari, uye Iye oramba anyerere, rangarira, kutenda kunoti ndiYe. Zvadaro kutenda kunobatirira pazviri, kusingazive kuti ndezvei, asi kunoziva kuti ndiYe, uye ichokwadi kuti ndiYe.

44 Zvadaro, rangarira, kana ari iYe, Mashoko aKe anofanira kuva echokwadi. Uye kana Akada kuti usangane nezvimhingamupinyi izvi, uye ukadaro, iYe anosungirwa kuita Shoko raKe. Usadududza, woti, “Zvino, handina kumbopodzwa. Ini...” Oh, iwe kutenda ndonda, kunonzwisa urombo. Usazvitenda. Kana zvinhu zvese zvakareururwa, uye zvinhu zvese zviri pachena, uye wakaita zvinodikanwa naMwari, kutenda kunobatirira ipapo. Hapana chinokutsigidutsa. NdiYe, uye une chokwadi. “Vanomirira panaShe vachapiwa simba idzva; vachabhururuka nemapapiro sechapungu. Vachamhanya vasinganeti; kana vakafamba, havangarukutike.”

45 Mirirai, kana maita zvaAnoda. Zvinounza kutenda kwenyu pamangange. Kana wakaita... zvinodikanwa naMwari zvakaitwa, kana kutevedzwa, uye wakazviongorora muhuzere, uye wakaita zvese zvaidiwa naMwari kuti uite, zvino kutenda kwako kunozorora ipapo chaipo, kuti Aripo. Iva nechokwadi naMwari.

46 Munoziva, Anoda kutiedza. Anoda kuona madairiro ekutenda kwenyu. Maizviziva here? Mwari anofarira kuona madairiro ekutenda kwako. Paunoti, “O Ishe, ndinoKutendai. NdiMi Muponesi wangu. Ndinotenda kuti ndiMi Mupodzi. Ndinotenda kuti ndiMi Uyo Anopa Mweya Mutsvene. Uye zvinhu zvandiri kuda, ndiMi Mwari wacho anozvipa.” Uye zvadaro kana ukareurura zvivi zvako zvese uye vovimbisa Mwari zvauchaita kana Vakakutendera kuti upore, zvino nekuti hazvina kuitika, womhanyira kumwewo sembwende. Mwari haagoni kushandisa zvakadaro. Hapana nzira yekuti Iye akushandise. Hapana nzira yekuti Iye akupindure, nokuti anongopindura bedzi nokutenda. Zvino, chiriporipocho, iwe unobva waenda kure, uye Iye haagone kukupindura. Asi kutenda chaiko, kwechokwadi kunomira ipapo, kuine chokwadi kuti Mwari ndiye. Iva nechokwadi kuti ndiYe.

47 Uye kana Mwari akakumbira kuti chinhu ichi chitwe, kuti ureurure zvivi zvako, nezvakadaro, uye wazviita, kutenda koti ndiYe, zvirokwazvo zviri kuzoitika. Chikumbiro chako chinofanira kupindurwa. Oh, ndi—ndinotenda kuti hamupotse izvi. Kana uine chokwadi naMwari, Mwari ane chokwadi neShoko raKe. Akamirira kukuedza bedzi.

Akazviita kakawanda. Ngatidzokororei chiitiko chimwe kana zviiri.

⁴⁸ Ngatifungei pamusoro pevana vechiHebheru. Vaisafanira kugwadamira chifananidzo. Mwari aiva neruvimbo mavari. Uye pavakanzwa kuti vaifanira kuenda mubiravira remoto, vakati, “Mwari wedu anogona kutidzikinura kubva mubiravira iri. Asi kana Akasadaro, hatisi kuzopfugamira chero chipi chezvifananidzo zvenyu.” Munoono, vaiva nechokwadi uye nekugutsikana naMwari.

⁴⁹ Vaiziva kuti Aiva Jehovha. Vaiziva kuti Anopindura munamato. Asi zvisinei kuti Angadaro here muchinhano chavo, kana kwete, zvaifanira kuva nechinangwa chakanaka. Saka vakangoita chitaurwa chavo, ndokureurura zvivi zvavo, vakafamba kupinda murufu.

⁵⁰ Pavakanga vave kupinda mubiravira remoto, vachiziva kuti vaiva nechokwadi, kuti, kana Mwari akavarega vachitsva, Aizovamutsa zvakare, murumuko. Vaiva nechokwadi naMwari, nekuti vaiziva kuti Mwari waiita kuti zvose zvigoshanda mukuvanakira. Uye kana tava nechokwadi naMwari, tinoziva kuti Mwari anoshandisa zvose mukutinakira.

⁵¹ Saka, vakaita chitaurwa chimwe chete. Vainge vaine chokwadi, ndokufamba kunyatsopinda mubiravira remoto. Uye Mwari akaita kuti vafambe imomo; akagara, akavatarisa. Aida kuona madairiro avo.

⁵² Apo, mambo paakati, “Magwadama here parira hwamanda?”

Ivo vakati, “Kwete. Hatina kugwadama.” Heko kutenda kwako, kwakabatirira zvakasimba.

“Zvakanaka, zvino, kana musina kugwadama, munoziva here chisungo changu.”

“Hongu, tinoziva chisungo chenyu.”

“Chisungo changu ndechekuti biravira iri richapisiswa zvkapetwa kanomwe kupfuura zvarakambova, uye ndichakukandirai imomo. Mavakuda zvino kugwadama here?”

“Kwete. Hatisi kuzogwadama.” Heko kutenda kwavo.

⁵³ Mwari voti, “Zvakanaka, Ndichaona zvavachaita pamusoro pazvo. Ndichaona kudairira kune kutenda kwavo.”

⁵⁴ Saka akati, “Sungai maoko avo, nekusunga tsoka dzavo, uye muvanangise biravira.” Zvino vakafamba kuenda kubiravira, moto uri muzviso zvavo. Mwari vachakangomira, vakazvitarisa. Asi vaiva nechokwadi kuti Aiva Mwari. Vakanga vareurura. Vakanga vagadzirisa zvese, zvavaiziva. Vaiva nechokwadi kuti aiva Mwari.

⁵⁵ Saka vakanyatsofamba kukwira biravira remoto iroro. Panguva yekupedzisira, hepo Akauya achitasva achibuda

mumatenga, ari pangoro yemhepo, achivafuridzira mhepo kubva pavari, apo Aivanyaradza nokutaura navo.

⁵⁶ Mwari vanotendera kuti kutenda kwako kusvike apo pakunodairira.

⁵⁷ Paiva naJobho, wemuTestamende yaKare, apo Satani, mupomeri wedu, akumupomera kuti aiva mutadzi akahwanda. Asi Jobho aiziva kuti akanga asina kutadza. Aiziva kuti akanga areurura zvese zvaakanga aita, ndokuisa chibairo chinopiswa kunze ikoko. Ndizvo zvaidikanwa naMwari. Ndizvo zvega zvaidikanwa naMwari, icho chibairo chinopiswa nekureurura. Uye Jobho akaita zvinhu izvozvo.

⁵⁸ Zvino Satani akati, “Ndichatora ngamera dzake, nekuti murume mupfumi. Ndichatora hwai dzake.” Uye pakupedzisira akatora vana vake, vaiva pedyosa nemooyo wake.

⁵⁹ Zvakadaro, Jobho akamira akasimba, nokuti aiziva kuti Mwari, zvakanaka, aiva nechokwadi kuti Aiva Mwari, nokuti akanga ataura naYe, uye akanga aita zvaAida. Akaronda achidzika ndokuona, “Ndapa chibairo chese chinopiswa. Ndati mumoyo mangu, ‘Zvichida apo vanakomana vangu vaita mu—mutambo, uye vanasikana vangu vaendako, zvichida vatadza zvakahwanda mumoyo yavo, zvino ndinopa chibairo chinopiswa kubva kwavari nekureurura zvivi zvavo.’”

⁶⁰ O Mwari! Kana munhu akachengeta izvo zvakanzi naMwari zviitwe, ane chokwadi kuti iYe ndiMwari, Anofanira kupindura. Kutenda kunoMudana panzvimbo, nguva dzese.

⁶¹ Kana ukaita zvaunoziva kuti ndizvo chaizvo, kana waita zvaAnoda, kana wareurura nekugadzirisa, waita yananiso yekudzoreredza, ukazviradzika pamberi paMwari. Handinei nekuti Akanyarara zvakadini, Achingori Mwari, akamirira kuisa kutenda ikoko ipapo. Iwe waita mabasa ako, zvino anoda kuona kutenda kwako kubudikidza nemabasa ako. Anoda kuona zvauchaita.

⁶² Kana wazodzwa nekunamatirwa, Mwari akamirira kuona kuti zvii zvauchatenda pamusoro pazvo. Kwete kumhanya uchiuya musi weSvondo unotevera, womhanya zuva rinotevera, uye panouya mupodzi anotevera muguta. Akamirira kuona kutirimuka pakutenda kwako. Kwete kufamba uchidzokera, zuva rinotevera, woti, “Ndirikunzwa zvisizvo, handifunge kuti ndakapodzwa.” Hauna kufanira kuva mumutsara wekunamatirwa, pakutanga. Hauna. Hauna. Hausati wagadzirira, zvino. Hautendi kuti iYe ndiMwari. Handi . . .

⁶³ Unogona kuti, “Hama Branham, handiwirirane nemi.” Zviito zvako zvinoratidza zvaUri. “Nezvibereko zvavo muchavaziva.” Kana munhu akati iye muKristu; uye anoramba achinwa, achiputa, nekutamba njuga yemakasa, achitaura ny’ambo dzakasviba, uye oti, “Chikamu cheBhaibheri

chakanaka, zvimwe zvikamu hazvina.” Anogona kuparidza Evhangeri, uye achiramba chikamu cheBhaibheri. Achingori mutadzi. Haasati anatswa, zvino.

⁶⁴ Asi ukapupura pachena kuti Mwari ndiMwari mumwe chete, uye upenyu hwako hwakaiswa mumaoko aKe, kuzova, “Ishe, ndiri ivhu; Ndimi Muumbi,” zvino wokumbira zvaunoda. Kutenda hakumbotsigiduki. Kunomira ipapo.

⁶⁵ Nyangwe hazvo zvimhingamupinyi zvingaita sekudonha kubva kurudyi nekuruboshwe, asi kutenda ikoko hakuna kumbotsigiduka, nekuti une chokwadi kuti iYe ndiMwari. Uye kana Ari Mwari, Anochengeta vimbiso yaKe. Haagoni kuita vimbiso oityora. Kana Ari Mwari, Anofanira kuchengeta vimbiso yaKe. Oh, ndinoda izvozvo. Anofanira kugara nayo.

⁶⁶ Jobho akapira zvbairo zvake; akaita zvese. Aiziva kuti akanga akarurama. Zvino hepano panouya nhengo dzechechi, vamwe vekuchechechi dzemamwe masangano, vakati, “Jobho, chitongoreurura hako kuti uri mutadzi, nekuti Mwari haangatogokuregi uchirangwa seizvi kunze kwekunge waiva mutadzi.”

⁶⁷ Asi Jobho akati, “Ndakareurura. Ndaisa chibairo chinopiswa pamberi paMwari, uye handisi mutadzi.” Aiziva paakanga akamira. Zvadaro zvinhu zvese zvakaenderera, zvichingoenderera nekuenderera nekuenderera, nekukwanisa kwese kwazvaiva nako, zvichiedza kuwisa Jobho, pamwe nekuunza Jobho panzvimbo yekuti aizoramba Mwari nekuramba chibairo chiya chinopiswa. Paminiti iyo yaunotora matanho pane chero chaunenge wapupura, zvinoratidza utera hwako, kupokana kwako kunaMwari. Unokumbira Mwari chero chinhu, wofamba uchizvipokana, zvino uri mupokani kwete mutendi.

⁶⁸ Jobho aiziva paaive amire, uye akamira akasimba panheyo iyoyo.

⁶⁹ Hazvishamise sei Perronet akati, munguva yake yekufa:

Pana Kristu, Dombo rakasimba, ndimire;
Pasi pamwe pese ivhu rinonyudza.

⁷⁰ Padombo rakasimba iroto rekupupura kwaJobho, kunyangwe mudzimai wake anodikanwa akafamba achibuda. Apo utano hwake hwakanga hwaenda, nemamota akazara paari, uye akazvipara ndokutuka zuva raakabarwa. Akati, “Dai zuva rikasambopenya! Dai mwedzi wagara pasi pausiku.”

Mudzimai wake akati, “Jobho, wakuwa kwazvo. Wadii kungotuka Mwari wofa?”

⁷¹ Iye akati, “Unotaura sevakadzi mapenzi.” Aiva nechokwadi kuti paiva naMwari, uye akanga aita zvaidikanwa. Oh, ndirikunzwa kuva munamati. Aiziva kuti ainge aita

zvinodikanwa naMwari, uye ndizvo zvatokwana. Mwari vaiedza kutenda kwake. Achaedza kwako. Achaedza kwangu.

⁷² Asi kana taita zvaAnoda, “Tendeukai mumwe nemumwe wenyu mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mugoregererwa zvivi zvenyu, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene,” ndiyo vimbiso yaKe. “Chero upi pakati penyu anorwara, danai vakuru vechechi. Ngavavazodze nemafuta, vonamata. Munamato wekutenda uchapodza varwere, uye Mwari uchavasimudza.” Ndizvo zvatokwana. “Reururai mhosho dzenyu, mumwe kune mumwe, uye mugonamatirana.” Waita zvinodikanwa naMwari.

⁷³ “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Muzita rangu vachadzanga madhimoni; vachataura nerurimi rutsva; kana vakabata nyoka kana kunwa zvinouraya, hazvingavakuvadze; kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachanaya.” Ndizvo zvatokwana.

⁷⁴ Iva nechokwadi naMwari. Iva nechokwadi, kuti mumoyo mako, kuti unotenda kuti izvo iShoko raMwari. Jobho aiva akadaro.

Mudzimai wake akati, “Sei usingaMutuke wofa? Handiti, uri kungowedzera kurwara nguva dzese.”

⁷⁵ Satani anodisa sei kukandira izvozvo kwauri. “Handiti, hausi nane pane zvawanga uri pawakazodzwa. Hauli nane pane zvawanga uri apo vaparidzi vakakunamatira. Vaparidzi ivavo havana kunaka, pakutanga.” Hazvina basa nemuparidzi iyeye. Kutenda kwako munaMwari mupenyu, ndiko kwakakosha. Kwete zviri muparidzi; ndeizvo zviri Mwari. Muparidzi haana kumbobvira aita vimbiso yacho; Mwari ndiYe akaita vimbiso yacho. Hazvisi kumuparidzi; zviri kuna Mwari, uye nekutenda kwako kuti utende kuti izvozvo ndiMwari. Saka iva nechokwadi naMwari. Iva nechokwadi kuti ndiMwari, uye kuti iShoko raMwari. Uye Mwari ari muShoko raKe.

⁷⁶ Zvino Jobho akati, “Unotaura semukadzi benzi.” Akati, “Ishe wakandipa, uye Ishe wakatora; Zita raShe ngarirropafadzwe.” Aiva nechokwadi kuti kwaiva naMwari.

⁷⁷ Uye paakabuditsa izvozvo mumuromo wake, mitinhimira yakatanga kurira uye mheni yakatanga kuvaima. Mwari vakasvika panzvimbo. Zvinogara zvichiMudana panzvimbo. Akagara anyerere kwenguva refu.

⁷⁸ Ndizvo zvaAri kuita. Tarisai boka iri revanhu vemuAmerica vakananga gehena, vanyengeri vanoenda kuchechi. Handina kushatirwa. Asi chivi chinogumbutsa ani zvake akarurama kuna Mwari. Kwete kugumbukira nyika, kwete kugumbukira vanhu, asi ndakagumbukira dhiabhorosi akakonzeresa kuti zvinhu izvi zvipofomadze vanhu.

⁷⁹ Vafundisi nevaparidzi vakapofomara vachiregerwa vachiederera nekamwe kadzidzo kebhaibheri kakagadzirwa nevanhu. Unofanira kubarwa patsva. Uye Mwari Anochengeta Shoko raKe. Uchimuona achivabhabhadzira. Zvirinane uve nechokwadi kuti pana Mwari. “Vaine mufananidzo wekunamata, asi vachiramba Simba racho.”

⁸⁰ Mudzimai mudiki, anonzwise urombo uyu, aiziva kuti Aiva Mwari. Apo dengu raiderera, nekuderera, nekuderera, nekuderera, mamiro ezvinhu akawedzera nekuipa, nguva dzose. Asi Mwari vaizvirega zvichienda nenzira iyoyo. Anogoda kuzviita. Anoda kuisa kutenda kwako pakuedzwa, kuona kuti unodavira sei kwazviri, kurega uchizodzwa uye wonamatirwa, zvararo oita kuti zviwedzere kuipa. Akati, “Naye, Satani, muise pakuedzwa. Ndinoziva kuti anoNditenda.” Mwari ngaVaropafadzwe narinhi! Oh, ini zvangu! [Hama Branham vanoombera maoko avo kaviri—Mupepeti.] “Muise pakuedzwa zvino. Ndinoziva kuti akatora Shoko raNgu pazviri.” Anogona kudaro pamusoro pako here?

⁸¹ Akadaro pamusoro paJobho. Akati, “Ita chero chaunoda kwaari, asi usatora upenyu hwake, nekuti Ndinoziva kuti anoNdida. Andigadzirira chibairo chinopiswa. Aita zvinodikanwa. Aita zvaNdakamuudza kuti aite, uye anozvitenda. Zvino muumburudze pamarasha kana uchida.” Akamutorera zvese zvaiva nazvo. Mwari akazvipeta ruviri paAkazvidzoreredza kwaari. Chokwadi, Achadaro.

⁸² Anoisia kutenda kwedu pakuedzwa, kuti aone kana tichinyatsotenda kuti iYe ndiMwari.

⁸³ Mudzimai mudiki uya, pasina kupokana, akati, “Ndakanamata. Ndikanamata. Ndinoziva kuti ndiri muHedheni asina kufanira.”

⁸⁴ Rangarirai, Jesu akataura nezvake muBhaibheri. Akati, “Kwaisava neshirikadzi zhinji here mumazuva aEriya? Asi iye wakatumirwa kune imwe chete, uye aiva muHedheni.”

⁸⁵ “Oh,” iye akati, “Ndinonamata.” Zvichida, mudzimai paakaona kakeke aka kekupedzisira, rufu rwakanga rwatopfuura pamusuvo uye rwapinda pamukova. Chimedu chimwe chete zvakare, pakati pavo, zvino iye nemwanakomana wake vaizofa. Ndiri kumuona, achinamata, usiku hwese, mhopo dzinopisa dzichivuhvuta, ivhu riine nyota, vanhu vachichema nekuungudza mudzinzira. Mudzimai akafamba achitenderera, nemumba. Akatarisa mwanakomana wake mudiki. Akatarisa tuhembe twake tweekurarisa; twaiva twapera, tsoka dzake dzichibudikira. Mudzimai akazvitarisa maoko ake, akaunyana. Akafamba achikwidza nekudzika, asi akati, “Ndinoziva kuti iYe ndiMwari. Ndareurura zvese zvangu. Ndakaita zvese zvaAida. Ndiri kukumbirira upenyu hwedu, kuti Awane mbiri.” Mwari akamuona.

⁸⁶ Vamwe vavo vese vakanga vachibuda uye vachinova nemutambo mukuru werumveesano kumwewo, vachizvinakisa, vaiva nemutambo wechimanje-manje wepaterevhizheni kana chakadaro, vachienderera nenyika. Asi mudzimai uyu aiva ari ega naMwari.

⁸⁷ Zuva rakabuda. Iye akati, “Mudiki uyu aiva achemera chekudya usiku hwese. Ndichagoitei nechanza chimwe cheupfu?”

⁸⁸ Munoziva, upfu ihwoyo hwaiva Kristu. Chero mudzidzi upi zvake weBhaibheri anoziva kuti Kristu ndiye aiva chipiriso cheUpfu. Uye upfu hwechipiriso ihwohwo hwaifanira kukuyiwa nehuyo yakasanangurwa, zvakare, kusvikira yatsetsa chidimbu chese chechibage zvakafanana; nekuti Jesu Kristu mumwe chete, zuro, nhasi, nekusingaperi. Uye mutendi wese anozvitenda nekuzorora pazviri. Hareruya! Munogona kuva nechinamato chenyu chakare, chakatonhora chakadzikama chamunoda. Kwandiri, ndinotenda kuti Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Ndinozvimiririra munyika yevasingatendi muna Mwari. Ndinongoramba ndichitenda kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

⁸⁹ Idzo huyo dzinotsetsa chidimbu chega-kega zvakafanana, nekuti iYe mumwe chete. Ndiye Mwari mumwe chete waAiva kareko, ndiYe iye zvino, mangwanani ano. Achagara akangodaro. Ndizvo zvaireva upfu.

⁹⁰ Zvino mafuta anoreva Mweya, sekuziva kwatinoita maererano naEzekieri 4, nezvakadaro. Ndosaka tichizodza nemafuta; iwo Mweya. Chii? SaMutsvene Johane 4, “Baba vanotsvaka avo vakadaro kuVanamata muMweya nemuZvokwadi.” Jesu aiva Chokwadi. Ndiye aiva Upfu hwechipiriso, uye mafuta aya aiva Mweya. Uye Mweya, wakanganganiswa neChokwadi, zvinofanira kubuditsa chimwe chinhu. Zviise pamwe chete, zvinogadzira keke. Oh!

⁹¹ Kutenda kwako kuripi? Kana Shoko raMwari richiparidzwa muhunyoro hwaRo, asizve muSimba raRo, kuti Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, uye Shoko rinoenda kuUpfu, iwe une Mafuta ekusanganisa naRo. Hunogona kuva hunokwana muchanza, kana muchipunu, asi, chero zvazviri, ndezvemazvirokwazvo.

⁹² Zvino hwagadzirirwei? Hwagadzirirwa muchinjikwa. Hwagadzirira kuzvipirisa. Ndizvo zvaunofanira kuita. Kana Shoko raparidzwa, uye iwe uine Mweya uye Zvosanganiswa pamwe chete, kuzvipira kuramba kurwadza kwese, kuramba urwere hwese, kuramba zvese zvinopesana neShoko raMwari, womira pazviri.

⁹³ Chiremba anoti *zvakati*, *zvikati*, kana *zvakadaro*; hazvina zvazvinomboshandura kana nepadiki. Iwe mira paHuri, nekuti

Mwari akataura kudaro. Upfu hwaya. Iwe une Mafuta. WaZvisanganisa pamwe chete.

⁹⁴ Zvino, ndinonzwa izwi. Zuva richangobva mukubuda. Inzwi rinotaura, rikati, “Enda kunze muchivanze unotora tsotso mbiri.” Macherechedza, Gwaro rinoti “tsotso mbiri”? Muchinjikwa. Mudzimai ane upfu nemafuta, asi achadanwa, kuti azobata basa zvino; anoshanda nazvo. Chero zvauinazvo, Upfu kana Mafuta aunoda, asi unofanira kushanda; kuzvipira.

⁹⁵ Tsotso mbiri. Munguva dzakare havana kumbowana nzira iri nane yekusika moto. Paunotora tsotso woichinjika patsotso, woitungidza pakati payo, wosaidzira kumapeto kwese kuri kuiru. VechiIndia vanovesa moto wavo. Ndakambouvesa, kakawanda, usiku hwese. Unogatora danda, *sezvizi*, uye rimwe sezvozo, zvino woramba uchisundira mumoto parinenge richibvira.

⁹⁶ Muti uya waiva muchinjikwa. “Tsotso mbiri,” Bhaibheri rakadaro. Izwi rakati, “Enda nemuchivanze unotora zvimiti zviviri.” Panguva imwe cheteyo, pamusoro pegomo, paiva nezwi rakatinhira zasi kumuporofita uye rikati, “Enda kuguta. Ndaraira.” Oh, ini zvangu! Vese vari vaviri vakateerera. Chimwe chinhu chinofanira kuitika. Vese vari vaviri vari kuteerera.

⁹⁷ Kana muparidzi akaparidza Shoko, uye munhu anoRigamuchira oRitenda oita chinhu pamusoro paRo, chimwe chinhu chinofanira kuitika. Kana uri mutadzi, uchatofanirwa kuponeswa. Kana uchirwara, uchatofanirwa kupora, nekuti Mwari akazvivimbisa, kana tiine chokwadi naMwari.

⁹⁸ Sechokwadi chekuti iYe ndiMwari, Anofanira kuchengeta Shoko raKe. Chokwadi! Zvino rayiro yaiti, “Enda kuguta, nekuti ndarayira shirikadzi.” Chiratidzo chakabhedhenuka pamberi pemuporofita. Hepano anouya, achifamba. Haazivi kwaari kuenda; hazvina musiyano. Ari kungoteerera.

⁹⁹ Mudzimai haasi kuziva kune tsotso, asi pane tsotso mbiri muchivanze paneimwe nzvimbo. Anotanga kuenda. Anobuda kunze muchivanze. Anotarisa-tarisa, “Oh, kuri kupisa zvakadini!” Kuungudza kwaibva muguta, nefafambi veusiku vaiuyamo, vachiita chipatapata, vachinwa hwaini dzavo, nezvakadaro. Mudzimai anotarisa zasi kwenzira. Hapana chaanoona. Anowana tsotso imwe chete; chikamu chemuchinjikwa, kuzvipira. Anowana chimwe chidimbu, tsotso. Uye paakanhonga tsotso yepiri . . .

¹⁰⁰ Oh, kwaiva kwakasuwa zvakadini, rufu rugere pamukova. Iye nemwanakomana wake vaifanira kudya kachimedu kadiki kekeke vofa. Ndizvo zvaiva zvese. Uye dzimwe nguva, pakati chaipo pekusuwa, ndipo patinonzwa inzwi.

¹⁰¹ Paakanhonga tsotso iya yepiri ava kudzokera, pakava neinzwi rakauya nepamusoro pemusiwo, rikati, “Ndiunzirewo mvura shoma mumukombe.”

¹⁰² Mudzimai akatendeuka kuti atarise, aine tsotso mbiri dziya muruoko rwake, aine upfu nemafuta zvasanganiswa zvakagadzirirwa. Akati akanga azvigadzira, azvisanganisa pamwe chete. Ndizvo zvinova, Shoko neMweya, zvinofanira kusanganiswa. Zviise pamuchinjikwa wekuzvipira, kuramba zvese zvinopesana nezvawakumbira. Ndizvozvo. “Ndazvisanganisa, zvino ndave kuenda kunотора tsotso dziya.”

Zvino inzwi riya rakati, “Ndiunzirewo mvura shoma yekunwa, mumukombe.”

¹⁰³ Mudzimai anotarisa, oona murume amire, akazendamira pamusuwo, ane matama akati papata, azere ndebvu, ane mhanza, achitarisa nepamusuwo, aine chidimbu chakasakara chedehwe rehwai chakamuputira. Aitaridzika semurume kwaye ane moyo munyoro.

¹⁰⁴ Mudzimai ndokuti, “Ndichagoverana mvura yangu naye.” Mvura dzeUpenyu, wakagadzirira kuipa kuna ani zvake, kuudza chero munhu, kuti uende kupi zvako. “Ndipei kanguva, changamire.” Mudzimai anotanga kudzokera, aine zvimiti muruoko rwake.

¹⁰⁵ Zvino inzwi rakatinhira zvakare, “Haungagova mvura yako bedzi, asi ndiunzire chimedu chidiki chechingwa muruoko rwako.” Chingwa cheupenyu; mvura yeupenyu! Zvaiva zveupenyu here? Mudzimai aizofa munguva pfupi seavo vakaparara. “Ndiunzire mvura yako nechingwa chako.”

¹⁰⁶ Tinoonei pano? Tinogona kuwana chidzidzo chipi? “Tsvaga kutanga Humambo hwaMwari, neKururama kwaKe kwese; zvimwe zvinhu zvichawedzerwa.”

“Ndiunzire mvura shoma nechimedu chechingwa.”

¹⁰⁷ Zvadaro mudzimai anotendeuka, akahundunda. Ndinogona kumunzwa achiti, “Changamire,” zvakada kuita sezvizvi, “makasiyana nevarume vandakamboona, nevarume vandinonzwa vachitaura. Munoita semune chokwadi nezvamuri kutaura. Asi ndine upfu, hunokwana muchanza bedzi, nechipunu chemafuta. Ndazvigadzira, uye ndichazvibika netsotso mbiri idzi. Uye ndichazvidya, ini nemwanakomana wangu, tofa. Ndizvo zvega zvandinazvo.”

¹⁰⁸ Tevere, tinonzwei, zvararo? “Asi, ndiunzire kakeke aka, kutanga.” Mwari, kutanga. Hazvina basa kuti mumwe munhu anoti kudini, chero chinhu chipi, chero umboo upi, kusuwisa kwazvo, chero zvachingava, tora Mwari, kutanga. Shoko raKe, kutanga.

¹⁰⁹ “Chiremba akati handigone kupora.” Asi, Shoko raKe, kutanga. “Ndakanyanyisa kuva mutadzi. Ndiri chipfeve. Ndiri wenjuga nemakasa. Ndiri chidhakwa.”

Shoko raMwari, kutanga. “Kunyange zvivi zvako zvakatotsvuka, zvichava zvachachena semazaya echando;

kutsvuka seruvara rweropa, zvichazochena semakushe emakwai.” Kutanga, Mwari.

¹¹⁰ “Enda, unondiunzira kakeke, kutanga. Zvese zvaunazvo, zviiunze kwandiri.” Ungada here kuzviisa mumaoko aKe?

¹¹¹ Upenyu hwangu, zvese zvandiri. Ndine makore makumi mashanu. “Ungada here, William Branham, kuupira kwaNdiri? Mungada here, imi vana vadiki, kupira upenyu hwenyu kwaNdiri? Mungada here? Munogona kuzviita here, varwere? Munogona kuvimba neni here? Ndiisei pekutanga.”

¹¹² “Ndiunzire chimedu chechingwa muruoko rwako, undiwanire tumvura tushomanane.” Mudzimai akamutarisa. Pane chakamuudza kuti murume uyu aiziva zvaaitaura pamusoro pazvo.

Mwari anoziva makwai aKe Amene. “Makwai aNgu anoziva inzwi rangu. Anoziva kuti iGwaro here kana kwete, kuti ndizvo here kana kwete.”

¹¹³ Mudzimai anotendeuka, mukuteerera. Ndizvo zvaunofanira kuita. Uye paakatendeuka, kuti aterere zvaakaudzwa nemuporofita kuti aite, zvadaro pakauya kutinhira kubva kuDenga, kunotarisirwa nemunhu wese kuti anzwe. Nokuti, kwakauya kutinhira kubva muinzwi remuporofita, uko mutadzi wese nemunhu wese anorwara anoshuvira kunzwa, “ZVANZI NAJEHOVHA.”

¹¹⁴ Tinoda sei kuRinzwa! Kuti vanhu vaigara sei munzira yepamba pangu, voti, “Uyai kumukova uyu. Mwanasikana wangu ari mune *zvakadai*. Mucheche wangu, ini, akaderera. Ingotaurai shoko.” Unogona kuritaura sei risati rava mumuromo wako? Unenge uchiritaura pachako. Asi vanoshuva kunzwa iyo, “ZVANZI NAJEHOVHA.”

¹¹⁵ Heyo yakauya, nepafenzi, nekuti aiteerera. Zvino rusuwo rwakapamurwa. “ZVANZI NAJEHOVHA. Dengu haringaperi, kunyangwe chinu hachingapwi, kusvikira zuva iro Ishe Mwari vatumira mvura inonaya panyika.” Oh, kunyaradzwa kwakadini!

¹¹⁶ Mudzimai akagadzira keke. Akaripa kumuporofita. Ndokudzokera akanogadzira rimwe rake nemwanakomana wake. Uye vakadya vakanwa, nepakuru, panyika.

¹¹⁷ Zvakabva kupi? Zvakasvika sei ipapo? Kubudikidza nesainzi ndiudze kuti upfu hwacho hwakabvepi. Mafuta iwayo akabvepi? Akapinda sei muchinu ichocho? Mudzimai akanga achikokotedza, mangwanani ega-ega. Aikokotedza dengu reupfu, mangwanani ega ega, uye hwainge hwapera. Asi paaidzokera kunatora humwe, hwaivamo. Hwaibva kupi? Tora Mwari paShoko raKe. Iva nechokwadi naMwari. Ndiye Musiki.

118 Unogona kunge warasikirwa neutano hwako. Unogona kunge warasikirwa neyanano yako. Mutore paShoko raKe. Iva nechokwadi kuti iYe ndiMwari. Nguva dzekusuwa dziri kuratidzika zvino, dzinogona kusaratidzika kusuwa ukangotora Shoko raKe wova nechokwadi kuti iYe ndiMwari.

119 KuGermany, imwe nguva, ndakaona mufananidzo, uye wakagara mandiri nguva dzese. Mupendi wechiJeremani ndiye akapenda iwo. . . mufananidzo u—unonzi “Nyika YeGore.” Uye paunouona, nechekure, kusuwa kwakaipisisa kwausakamboona. Makore akangoungana pamwe chete, kana uchizvitarisa nechekure. Asi kana wanyatsosvika pedyo nawo, unoshanduka. Mapapiro eNgirozi anenge achirovanisana pamwe chete, nekuimba mahareruya kunaShe. Saka ndozviri kusuwa dzimwe nguva. Kana ukautarisa, nechekure, unoratidzika kusuwa nekusvipa. Asi tora Mwari paShoko raKe uve nechokwadi kuti iYe ndiMwari, uye swedera pedyo nawo, uchaona kuti angori mapapiro eNgirozi ari kurovana.

120 Neimwe nzira mudzimai aiva sezvaiva Abhrahama, akadanwa kuti ape zvese zvaaiwa nazvo, ozviisa paartari yekupirisa. Pamwe iwe wakadanwa zvakadaro, mangwanani ano. Siya nzira dzako. Siya kusatenda kwako. Siya zvese zvaunazvo. Uye zvadaro tora Mafuta neShoko, woZvisanganisa pamwe chete, wozviisa paartari yekuzvipira. Uchaona kuti, Zvichadana Mwari panzvimbo, chokwadi sekumira kwandakaita papurupiti ino.

Funga nezvazvo patiri kunamata.

121 Une chikumbiro here nhasi? Une chaunoda asi usingagone kuchiwana nezvinobatika here? Mari yakaderera zvekuti haugone kubhadhara rendi here? Vana vanoda bhutsu itsva here, uye iwe hauna mari yekudzitenga? Dengu rapera here kumba kwako, uye chinu chapwa? Haugone kutenga chikafu chezvifuwo? Uyu, pane, chakatsveyama? Rangarira, iYe akaita vimbiso.

122 Unorwara here, uye chiremba anoti unoda kuvhiyiwa? Hauna mari yekuzviita? Une zvaunoda.

123 Uri mutadzi here? Chaunodisa chikuru here, zvekuziva kuti Mwari akakudana, nhasi, unenge wakararika? Uri munhu akadzokera kumashure ari kutiza Mwari here? Uye unoziva kuti uri nhengo yeimwe chechi, asi unoziva kuti hauna kururama? Hana yako iwe inokuudza, maererano neShoko, kuti hauna kururama. Uye une chikumbiro. Usarega mazwi aya achiwira pavhu rine minzwa, kana pamatombo, kana pamoyo yedombo. Dai akawira pavhu rakanaka, rakaorera.

124 Kana uchirwara uye iwe. . . chiremba ati haugone kupora, uye iwe wovimbisa Mwari kuti uchaMushumira mazuva ese ehupenyu hwako, uye une chokwadi kuti iYe ndiMwari, uya usangane nezvaAnoda. Kana uine chaunoda, ungangatange

here wasimudza ruoko rwako kuna Mwari, kuti une chinhu chaunoda? Mwari akuropafadzei.

Ngatinamatei.

¹²⁵ O Ishe, nechokwadi sekumira kwandakaita papurupiti ino mangwanani ano, ndinoziva kuti hapangavi neruoko rumwe pakati peaya rwasimuka Imi musina kuzviziva, nekuti ndiMi Mwari. Makati, “Matimba mazhinji haatengeswi nemakobiri maiiri here? Ko iwe unopfuura dhimba zvakadini!” Maona zvakadini maoko evanhu ava vanofa, avo vakafirwa neMwanakomana wenYu! Maona zvingadarika zvakadini maoko avo kudarika zvaMungaita dhimba, dai raiwa mangwanani ano! Ndinofungidzira kuti...matimba gumi nemaviri haangambotengeswa nekobiri mangwanani ano, nekuti hapana anoada. Uye pane dambudziko rekumafushira. Asi Muchiziva rimwe nerimwe rawo; Munoziva munhenga wese uri pamutumbi waro. Munoziva vhudzi rese riri pamusoro wedu.

¹²⁶ O Ishe, pindurai munamoto. Ngavave nechokwadi, mangwanani ano, chekuti Muri Mwari, uye iWo Mweya weNyu. Dai kusapenya nekukwezva kwechinamoto chechimanjemanje kwadonha kubva pavari, uye vachiti, “Oh, ndiri wehechi *yakati*.” Mwari, dai izvozvo zvadzimwa kubva mupfungwa dzavo, ikozvino. Munguva imwe chete ino, dai vavana rumbonera rweUpenyu Usingaperi. Uye zvaro vachatsvaga nekua nenzara yaWo, kuziva zviri Mwari, uye vaine chokwadi kuti ndiYe. Anochengeta Shoko raKe.

¹²⁷ Kumutadzi, dai vatendeuka nekukurumidza, vagadzirire rubhapatidzo muZita raJesu Kristu. Uye Makavimbisa kuti Maizovapa Mweya Mutsvene. Makazvitaura, Ishe. Munochengeta vimbiso yeNyu.

¹²⁸ Pane akadzokera kumashure ane chokwadi kuti Muri Mwari, uye vakarasika. Dai vadzoka nhasi, nekuti Makati, “Kunyangwe zvivi zvenyu zvakaita semucheka mutsvuku, zvichachena sechando. Zvakatsvuka semucheka mutsvuku, zvichachena semakushe ehwai.”

¹²⁹ Uye kana paine avo vanorwara, dai vakacherechedza kuti Muri Mwari. Munochengeta Shoko reNyu. Munofanira kuchengeta Shoko reNyu. Pavanozvigadzirira, neMafuta avo, Mweya uri mavari uri kupupura kuti vanotenda. Uye zvarowoo, zvakare, neShoko, Chingwa cheUpenyu chapiwa, Kristu; chakuyirwa kwavari, muTestamente yaKare; uye nemuTestamende Itsva, kuratidza kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Dai vasanganisa Shoko iroro neMafuta, Mweya, wavainawo, zvaro vosimuka netsoka dzavo paartari, vachiti, “Izvi ndizvo zvese zvandinazvo, Ishe. Ndinozviunza.”

Oh, Muchazviwanza sei! Zvichadana sei Mwari wenhorondo panzvimbo! Zvichaita kuti Jehovha amuke sei, nemooyo uchitubwida, kuti, “Ndine mwana achaNditeerera.

Ndakamupfuudza nemumuyedzo, uye azviratidza kuti anoNdida uye anoNditenda. Ane chokwadi kuti Ndiri.” Nekuti zvinorehwa zvichinzi, “Uyo anouya kuna Mwari anofanira kutenda kuti ndiYe, uye mupi wemubairo kune avo vanoMutsvaga neushingi.” Zvitenderei, panguva ino, patiri kuzvikumikidza kwaMuri.

¹³⁰ Uye, zvino, takakotamisa misoro yedu. Uye avo vane chero chavanoda, mungasimuka netsoka dzenyu, vanoda kuisa panzvimbo...Zvino, kana usina chokwadi kuti iYe ndiMwari...kana uine chokwadi kuti iYe ndiMwari, ari kuzochengeta vimbiso yaKe, ruponeso, kupodzwa, chero zvachiri, kana uine chokwadi kuti iYe ndiMwari, simuka netsoka dzako. Kana uine mumwe munhu waunoda kunamatira, simuka netsoka dzako. Kana uine—kana uine chokwadi kuti iYe ndiMwari, zivisa chikumbiro chako muungano dzevatsvene. Uri kuzviita pauri kusimuka nedzako...[Chibenga patepi—Mupepeti.]

“Ndine chokwadi kuti iYe ndiMwari. Ndinotenda kuti Anochengeta Shoko raKe. Uye ndine chokwadi chekuti chikumbiro changu...ndichachiisa pasi peRopa, iye zvino.” Ukadaro, siya chivi chese. Chivi chese kusatenda. Unogona kuva nhengo yechechi, asi ndinoreva chivi, “kusatenda” kwako. Uri kukupira sechipiriso. Uri kuzokupirisa. Uri kuuya kumuchinjikwa. Uri kuzopirisa, zvino, kusatenda kwako kwese. Uye wokupira kwaAri, woziva kuti ndiYe, uye une chokwadi kuti Ari kuzopindura. Kana uri waizvozvo, simudza ruoko rwako. Gara wakadaro.

¹³¹ Ishe, Muri Mwari. Heano Mafuta avo neChibage chavo, zvakasanganiswa pamwe chete. Vari kuZviunza kumuchinjikwa, uko Moto waMwari uchawira mumoyo yavo (kana vachinyatsozvirevesa) wopisa chipiriso ichocho. Muchauya panzvimbo, kuzosimudza mvura yemudehwe. Muchiuya kubva kuDenga, mungoro yeMoto. Muchazunguza matenga ese nenyika, kuzovapa mubairo.

¹³² Pavamire vaine maoko avo mudenga, kuratidza kuti vanotenda, uye vazvipa, nechikumbiro chese chavainacho, paartari yeNyu chaipo. O Mwari weDenga nenyika, Mutongi weDenga nenyika, zvokwadi Mutongi weDenga nenyika achaita zvakarurama. Chokwadi Achachengeta Shoko raKe, Imi Munoziva moyo yavarume, moyo yevakadzi, moyo yevanhu ava.

¹³³ Ishe Mwari, ndinoisa maoko angu mudenga, nekuti ndinoziva kuti ndine kushandurwa kweshumiro zvino. Uye ndinotenda kuti Muripo. NdakaKuonai mumire uko muShongwe yeMoto. [Hama Branham vanogogodza papurupiti katatu—Mupepeti.] Ndakaona Imi muchinzvera zvakavanzika mumoyo wevanhu. Hapana nguva imwe chete yaMakakundika. Makazvivimbisa pamakazviita uko, mhiri kwemugwagwa

kuno, paMakatanga kushanda kuita zvinhu izvi. Uye Makandichengetedza kutenderera nyika, nekutenderera nekutenderera. Ndine chokwadi kuti Muri Mwari. Ndine chokwadi nazvo.

¹³⁴ Ndinozvipira nevanhu ava, nechipiriso chezvese zvandinazvo, Ishe, kwaMuri, kuitira basa reshumiro. Ndiri kutanga patsva, Ishe, kufamba ndichitenderera nyika. Ndibatsirei, O Mwari. Kana ndakaKupokanai panguva ipi zvayo, ndiregerereiwo zvivi zvangu. Ndiregerereiwo kusatenda kwangu. Ndinoziva kuti Muripo, nemupi wemubairo wevanoKutsvagai.

¹³⁵ Zvimwe chete, ndinoreurura zvivi zvevanhu vangu, mangwanani ano, utera hwavo nekupokana kwavo, pavakamira nemaoko avo ari mudenga. Ndinoreurura zvivi zvavo, Ishe, neuta hwedu hwese. Tumirai Mweya Mutsvene pamusoro pedu, nechisimbiso chebvumiro yeNyu, kuti Muri Mwari. Uye Muri pano zvino kutigamuchira, nekutitora mumaoko eNyu, uye kutidzikinura kuna zvoze zvatakarasikirwa nazvo. Kana uri utano hwedu, dai hwadzoredzwa kakapetwa kazana. Kana ari munhu wedu wemukati, dai adzoka kwatiri sechinhu chiri kudombera, chichipenya, akazadzwa neMweya Mutsvene, kuzopirwa pamberi paMwari. Kana kuri kusatenda, dai kwadzoka kwatiri zvakare, Ishe, kuine kutenda kunofambisa makomo. Zvitenderei, Ishe.

¹³⁶ Tinotenda kuti Muri kufamba, Mweya Mutsvene uchitekeshera nemuchivakwa chino, pamusoro pevanhu ava, uye nemumoyo yavo, kuvafambisa kuti vagamuchire Mwari mupenyu. Izvi tinoita muZita raJesu Kristu.

Kutenda kwangu kunotarisa kwaMuri,
Imi Gwayana reKarivhari,
Muponesi Mwari;
Zvino ndinzwei pandiri kunamata,
Bvisirai zvivi zvangu zvoze kure,
Musambofa makarega ndichitetereka
Kubva parutivi rweNyu.

¹³⁷ Unorevesa here? Unozvigamuchira here? Simudza ruoko rwako, woti, “Ndinozvigamuchira zvino. Ndinotenda.”

Apo pandinofamba mudikidza reupenyu rine
rima,
Uye kushungupadzika kuchindikomba,
Imi ivai Mutungamiri wangu;
Itai rima rive zuva,
Pukutai marwadzo nekutya zviende kure,
Musambofa makarega ndichitetereka
Kubva parutivi rweNyu.


Ngatikotamisei misoro yedu.

¹³⁸ Mushure meMharidzo iyi yakasimba, ine ukasha kwazvo; inovirima, yaunzwa nenzira ine ukasha, asi Ichokwadi. Uye ukatenda wakazvinipisa pane zvawakumbira, kuti unogamuchira, usambotendera chero chinhu chikusundire kubva panzira iyoyo yakananga. Mirapo chaipo. Zvisinei kuti ndaiparidza zvakadini, chero zvandaite, kana chero munhu zvaaiita, hapana zvainokubatsira kusvikira wazvigamuchira sechinhu chako iwe pachezvako.

¹³⁹ Kana uchizvitenda izvozvo nemozo wako wese, zvese zvawashuvira, kana wareurura zvivi zvako, Mwari akuregerera. Chirega kupokana zvakare. Kana uri munhu akadzokera kumashure, wadzorwa zvakare, mangwanani ano. Kana uchida Mweya Mutsvene, zvino chibhapatidzwa nemuZita raJesu Kristu kuitira kuregererwa kwezvivi zvako. Iroro iShoko raMwari. HaaRishandurire chechi ipi, sangano ripi, kana munhu upi zvake. Rinofanira kuva nenzira iyoyo. Tinofanira kuita zvaAnoda, kwete zvinodiwa nechechi, zvaAnoda. Ndizvo zvatnofanira kuita.

¹⁴⁰ Iye akati, “Munamato wekutenda uchaponesa varwere.” Kana uchirwara, ndakunamatira munamato wekutenda. Waunamata mumoyo wako. Uye zvitende, zvigamuchire, mira zvakasimba pauri. Zvinofanira kuva nenzira iyoyo. Hapana chinogona kuzvitora, zvisinei kuti zvinoratidzika kusuwa zvakadini.

¹⁴¹ Unoti, “Zvakanaka, zvingaita sekuti ndichiri kurwara.” Izvozvo hazvimbo. . . Angori mapapiro eNgirozi akaiswa pamwe chete. Ndizvo zvega. NdiMwari muchimiro cheropafadzo. Zvinoratidzika kuhundundika kwauri. Swedera pedyo nawo utarise zvakare, woona kana asiri Mwari akamirapo, achichengeta Shoko raKe.

¹⁴² Zvino tiine misoro yedu yakakotamiswa, ndichadzosera shumiro kuna Hama Neville, mufundisi wedu. 

Iva NECHOKWADI NAMWARI SH059-0125
(Be Certain Of God)

Mharidzo iyi naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neSvondo mangwanani, 25 Ndira, 1959 paBranham Tabhenakiri kuJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org